



YAYASAN BERNARDUS
SMA THERESIANA “TERAKREDITASI”
Jl.Tamtama Weleri 51355, Kendal, Jawa Tengah. Telp. 0294 641246

**ASESMEN SUMATIF AKHIR SEMESTER GANJIL
TAHUN PELAJARAN 2025/ 2026
NASKAH SOAL**

MATA PELAJARAN

Mata Pelajaran : BAHASA JAWA
Kelas : XI
Jenjang : SMA

PELAKSANAAN

Hari/Tanggal : Senin, 1 Desember 2025
Pukul : 09.30 – 11.00 WIB

PETUNJUK UMUM

1. Tulis Nama, Nomor Peserta, Kelas dan Mata Pelajaran pada lembar jawab.
2. Tersedia waktu 90 menit untuk mengerjakan paket soal.
3. Jumlah soal sebanyak 40 butir, terdiri dari pilihan ganda, pilihan ganda kompleks, menjodohkan, isian singkat dan uraian.
4. Periksa dan bacalah soal dengan cermat, sebelum Anda mengerjakan.
5. Laporkan kepada pengawas apabila terdapat lembar soal yang kurang jelas, rusak, atau tidak lengkap.
6. Mintalah kertas buram pada pengawas ujian bila diperlukan.
7. Tidak diizinkan menggunakan kalkulator, kamus, HP, tabel matematika atau alat bantu hitung lainnya.
8. Periksalah pekerjaan Anda sebelum diserahkan kepada pengawas ujian.

SELAMAT MENGERJAKAN

A. Pilihan Ganda

1. Annisa sesuk arep pidhato ing acara pepisahan kelas. Sing rawuh yaiku Bapak Kepala Sekolah, Bapak/Ibu Guru, lan rencang-rencang kelas XI. Anggone Annisa miwiti pidhato yaiku
 - A. Sugeng enjing Bapak Kepala Sekolah saha Bapak/Ibu Guru ingkang kula urmati, ugi Bapak/Ibu Wali Murid ingkang kula tresnani
 - B. Sugeng enjing rencang-rencang kelas XI ingkang kula tresnani saha Bapak/Ibu Guru ingkang kula urmati
 - C. Sugeng enjing rencang-rencang kelas XI ingkang kula urmati saha Bapak/Ibu Guru ingkang kula tresnani
 - D. Sugeng enjing Bapak Kepala Sekolah saha Bapak/Ibu Guru ingkang kula urmati, ugi rencang-rencang ingkang kula tresnani
 - E. Sugeng enjing Bapak Kepala Desa saha Bapak/Ibu RT ingkang kula urmati, ugi rencang-rencang remaja desa ingkang kula tresnani
2. Gatekna struktur sesorah ing ngisor iki!
 - 1) Purwaka basa
 - 2) Wasana basa
 - 3) Surasa basa
 - 4) Salam pambuka
 - 5) Salam panutupUrutan struktur teks pidhato sing bener yaiku
 - A. 1)-3)-2)-4)-5)
 - B. 4)-1)-3)-2)-5)
 - C. 4)-5)-1)-3)-2)
 - D. 5)-4)-1)-3)-2)
 - E. 4)-3)-2)-1)-5)
3. Bapak/Ibu Guru ingkang dahat kinormatan lan rencang-rencang ingkang kawula tresnani. Sumangga sesarengan kita ngaturaken puji sukur dhumateng Gusti Kang Murbeng Dumadi, awit sampun paring nugraha saengga kita saged kempal manunggal kanthi slamet, sehat, Sentosa. Pratelan kasebut kalebu perangan sesorah, yaiku
 - A. Isi
 - B. Dudutan
 - C. Pengarep-arep
 - D. Panutup
 - E. Pambuka
4. Ing desaku bapak kulina kadhapuk dadi sesulih piyayi kang duwe gawe kanggo nindakake sesorah pambagyaharja. Nalika pasamuhan ing kutha, bapak ngagem jas nasional lan ing desa ngagem busana kejawen jangkep. Katrangan kasebut ngandharake menawa nindakake sesorah becike
 - A. Ngreteni kawruh pamireng kang bakal ngrungokake tanggap wacana
 - B. Ngreteni wektu sesorah kang ditindakake
 - C. Ngreteni jinise tanggap wacana lan tema acara
 - D. Nyepakake bab-bab lan piranti kang dibutuhake nalika tanggap wacana
 - E. Ngagem busana kang jumbuh karo swasana
5. Wujude novel lumrahe arupa karangan
 - A. Argumentasi lan narasi
 - B. Dheskripsi lan eksposisi
 - C. Eksposisi lan persuasi
 - D. Persuasi lan dheskripsi
 - E. Narasi lan dheskripsi

Pethikan novel kanggo pitakonan nomer 6 lan 7

Oto Mogok

"... judheg aku!" Punika angluhipun satunggaling priyantun ngadeg, cancut, wonten ngiringanipun motoring oto ingkang sampun kabikak tutupipun. Wironipun kablesekaken menginggil, ngantos kathokipun ketinggal sekedhik, jasipun sampun kabikak, kanton ngangge rangkepan. Pacaking badan methentheng radi mbungkuk. Nering pandulu tumuju dhateng mesin ing oto. Sajak migatosaken sanget dhateng kawontenaning oto punika.

Nitik tetesing kringetipun saking bathuk tuwin saking gulu, dalah telesing rangkepan ingkang wingking, cetha yen priyantun wau sampun kepara dangu tumandang damel awrat. Saboten-botenipun inggih kaesuk ngongsronging manah.

Priyantun wau umuripun udakawis seketan taun, nanging kabekta saking saening badan, lan saged ugi saking anggenipun boten alitan manah, ketinggalipun saweg umur kawan dasan taun.

Ing salebetipun oto wau ingkang linggih ing bak wingking sisih kiwa priyantun estri, umur tigang dasa gangsalan taun, ingkang wonten sisih tengen ugi priyantun estri, watawis saweg pitulasan taun.

Memperipun priyantun estri ingkang wonten sisih kiwa punika bojonipun, ingkang wonten tengen anakipun.

Ing salebetipun priyantun wau uthek madosi ingkang njalari mogoking otanipun, ingkang estri ketinggal suntrul. Tanganipun tengen sedhakep, badan kasendhekaken ing cagak ing tendha, sirahipun kabantalaken tangan kiwa. Kados boten mokal yen ta kawastanan saweg susah manahipun.

Nanging anakipun boten makaten. Linggihipun sendhen, ketinggal sajak sasekecanipun, sumelehing pasemon kenging dipunwastani mesem ajegan. Tanganipun tansah ngolak-alik kacunipun sutra ingkang sinulam peni.

Ngantos sawetawis dangu priyantun tetiga wau boten sami ceciyosan, dumadakan ingkang estri sanjang dhateng ingkang jaler semu netah:

"Ta, Pak! Biyen mula aku rak wis kandha yen wong ngingu oto kuwi akeh kesusahane."

"Hem! Ibune wono wasis yen mung nutuh."

Anakipun nyelani:

"Yah, Ibu ki! Punapa inggih oto menika namung murugaken kesusahan thok? Wong lagi sepisan bae dingendikakake okeh!"

"Lah ya kuwi, Tien, nek ibumu."

"Nyatane nek kaya ngene iki priye hara? Mangka neng tengah bulak, wis jam setengah enem, kathik atise kaya ngene. Gunung Sumbing wis kemul ampak-ampak, dalah ing Kledhung ya wis meh putih, dhasar dalane sumengka, kok jebul otone bobrok!"

Kapethik saka: Margono Djaatmadja, Ngulandara, Jakarta, Balai Pustaka, 1936

6. Sudut pandang kang digunakake ing pethikan novel kasebut yaiku
 - A. Sudut pandang impersonal
 - B. Sudut pandang wong kapisan
 - C. Sudut pandang wong kaloro
 - D. Sudut pandang wong katelu
 - E. Sudut pandang campuran
7. Latar wektu ing pethikan novel kasebut yaiku
 - A. Dina minggu esuk
 - B. Wayah awan
 - C. Wayah esuk
 - D. Wayah surup
 - E. Wayah sore
8. Idhe pokok kang dadi dhasar lakuning crita diarani
 - A. Alur
 - B. Tema
 - C. Penokohan
 - D. Amanat
 - E. Setting
9. Pathokan tembang macapat kang ngemot cacahé wanda (*suku kata*) saben sagatra yaiku
 - A. Guru wilangan
 - B. Guru lagu
 - C. Guru gatra
 - D. Purwakanthi
 - E. Dhong-dhong

Tembang kanggo pitakonan nomer 10-12

Nora uwus, kareme anguwus-uwus
 Uwose tan ana,
 Mung janjine muring-muring
 Kaya buta buteng betah nganiaya

10. Tembung *nora uwus tegese*
- Ora ana enteke
 - Ora ana sugihe
 - Ora ana sisane
 - Mung disisani
 - Pawewehing Liyan
11. Paugerane gatra kaping papat tembung kasebut yaiku
- 12i
 - 12u
 - 12a
 - 11a
 - 9a
12. Gancaran gatra kaping papat yaiku
- Dedege kaya raseksa gedhe dhuwur
 - Kaya raseksa sing gampang nesu lan mala
 - Kaya raseksa sing tumindak ala
 - Kaya raseksa sing brangasan

13. 

Wacane aksara Jawa ing dhuwur yaiku

- Abang iku warna favorit
- Abang iku warna favorite Zidan
- Abang iku warna favorite Zura
- Abang iku warna favorite Zainal
- Abang iku warna favorite Zakaria

14. 


Wacane aksara Jawa ing dhuwur yaiku

- Fitri sinau fisika
- Fikri sinau fisika
- Fita nulis formulir
- Firda sinau fisika
- Fitri nulis formular

15. 

Wacane aksara Jawa ing dhuwur yaiku

- Aku kuliyah ing Universitas Veteran
- Kakangku kuliyah ing Universitas Veteran
- Adhiku kuliyah ing Universitas Veteran
- Kakangku kuliyah ing Universitas Diponegoro
- Kakangku kuliyah ing Universitas favorite

16. 

Wacane aksara Jawa ing dhuwur yaiku

- Jafri latihan ceramah
- Jefri melu latihan khutbah
- Jefri melu khutbah
- Jefri ngrungokake khutbah
- Jufri nonton khutbah ing tipi

B. Pilihan Ganda Kompleks (Wangsulan luwih saka siji)

17. Bab kang kudu gigatekake nalika menehi sesorah yaiku
 - A. Basane kang narik kawigatenan lan akrab
 - B. Swarane kudu seru supaya nggandhang
 - C. Busanane kang becik lan sopan
 - D. Swarane ora keseron, uga ora alon banget
 - E. Solah bawane kudu klemar-klemer supaya katon ngormati marang pamirenge
18. Supaya sesorah bisa kalaksanan kanthi becik, kudu nggatekake bab-bab ing ngisor iki, kaya ta
 - A. Basa sing digunakake kudu laras/cocog karo sing diadhepi
 - B. Busanane kudu sing katon mewah supaya peni ditonton
 - C. Polatane mbesengut
 - D. Wiramane swara sing kepenak
 - E. Solah bawane kudu manteb lan teteg
19. Unsur intrinsik kang dikandhut ing novel yaiku
 - A. Tema
 - B. Alur
 - C. Budaya
 - D. Politik
 - E. Biografi pangripta
20. Ing ngisor iki sing kalebu titikane novel yaiku
 - A. Ditulis kanthi argumentasi kang diwujudake pacelathon para paragane
 - B. Ditulis nganti gaya narasi lan kadhang kala nganggo gaya dheskripsi kanggo nggambarake surasa utawa papan panggonan
 - C. Wujude ora dawa, saakeh-akehe mung 10.000 tembung
 - D. Nduweni sipat nulis kadadean kang ana ing padinan, isine arupa tanggapan pengarang marang kedadean ana ing padinan
 - E. Alur critane prasaja, namung siji
21. Ing ngisor iki kang kalebu piwulange panembahan Mangkunegara IV yaiku
 - A. Lila lan nrima
 - B. Legawa lan pasrah
 - C. Ngabekti mring wong tuwa
 - D. Nglakoni sembahyang
 - E. Sregep nyambut gawe
22. Ing ngisor iki gatra tembang "Pucung" kang guru lagu lan guru wilangan 6a yaiku
 - A. Karana karoban ing asih
 - B. Semune ngaksama
 - C. Elok Jawane denmohi
 - D. Trima yen ketaman
 - E. Triloka lekere Kongsi
23. Nalika nulis aksara jawa kudu nggatekake paugeran tartamtu, yaiku
 - A. Miwiti ukara nganggo pada lungsi
 - B. Miwiti ukara nganggo adeg-adeg
 - C. Miwiti ukara nganggo pangkon
 - D. Nulis tandha titik (.) mawa pada lungsi
 - E. Nulis tandha titik (.) mawa pada lingga
24. Tembung ing ngisor iki menawa ditulis nganggo aksara jawa ngandhut aksara rekan yaiku
 - A. Madya
 - B. Swara
 - C. Ghaib
 - D. Khotib
 - E. kreta

C. Nggathukake

25. Gathukna kanthi cara narik garis antarane metodhe sesorah lan katrangan kang bener!

Metodhe Sesorah		Katrangan
A. Metodhe naskah	◆	◆ 1. Ngapalake naskah sing wis dirantam sadurunge
B. Metodhe apalan	◆	◆ 2. Sesorah kanthi nggunakake cathetan cilik kang isine bab-bab sing dianggep penting
C. Metodhe ekstemporan	◆	◆ 3. Sesorah kanthi maca naskah langsung

26. Gathukna kanthi cara narik garis antarane punjering crita lan katrangan kang bener!

Punjering Cita		Katrangan
A. Sudut pandang wong kapisan	◆	◆ 1. Ngamati saka sajabane crita, pengarang migunake tembung sesulih wong katelu
B. Sudut pandang wong katelu	◆	◆ 2. Pengarang dadi paraga utama ing crita
C. Sudut pandang impersonal	◆	◆ 3. Pengarang sanyatane dumunung ing sajabane crita, mung sarwa nyawang, ngrungokake, lan ngerti apa wae rahasia batine paraga

27. Gathukna kanthi cara narik garis antarane gatra tembang lan tegese kang bener!

Gatra Tembang		Tegese
A. Linimpet ing sabda	◆	◆ 1. Ngira yen ora ana kang mangerteni
B. Narka tan ana udani	◆	◆ 2. Ngomonga yen ora seneng gawe ala, nanging tumindake gawe rusak
C. Lumuh ala ardane ginawa gada	◆	◆ 3. Ditutupi nganggo manise tembung

28. Gathukna kanthi cara narik garis antarane aksara rekan lan wujud kang bener!

Akara Rekan		Wujud
A. Kha	◆	◆ 1. 
B. Dza	◆	◆ 2. 
C. Za	◆	◆ 3. 

D. Isian (Ditulis nganggo huruf kapital)

29. Perangan sesorah sing isine pamuji sukur marang Gusti yaiku Basa

30. Novel ora diwatesi karo kaya dene sandiwara lan sajak

31. Pangarep-arep ing sesorah nduweni isi

32. Karya sastra novel kang wis tau dumadi ing donya nyata kalebu jinis novel

33. Serat Wedhatama kaanggit dening K.G.P.A.A

34. Aksara rekan kang ana pasangane yaiku

35. Serat Wedhatama kawentar lan diugemi wong Jawa nganti saiki amarga kebak

36. 

Tulisan Jawa kasebut wacane

37. Nuwun lan matur nuwun bisa kanggo perangan sesorah, yaiku